



Pou Piblikasyon Imedya: 19/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OPOZISYON NEW YORK AK RÈG GOUVÈNMAN FEDERAL LA PWOPAZE KI AP PÈMÈT AJANS POU FANMI DAKÈY AK ADOPSYON YO FÈ DISKRIMINASYON KONT FANMI LGBTQ YO

Gen sis ajans eta ki soumèt [kòmantè piblik](#) ki opoze ak règ ki pwopoze a

Règ ki pwopoze a kontrè ak lwa kont diskriminasyon ki egziste nan New York ke eta a pral kontinye ranfòse

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a opozisyon ak chanjman règ gouvènman federal la pwopoze a ki ap pèmèt ajans fanmi dakèy yo ak adopsyon yo fè diskriminasyon kont fanmi LGBTQ yo nan plasman timoun yo. Règ gouvènman federal la pwopoze a ka ouvri wout pou lòt pwogram ki resevwa finansman federal pou fè diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl ak idantite oswa ekspresyon seksyèl. Pwogram sa yo gen ladan anpil sèvis enpòtan, ki gen ladan lojman sipèvize, sipò kont vyolans domestik, garanti sante matènèl ak pou ti bebe, fòmasyon pou travay pou pi aje yo, sèvis pou moun k ap viv ak VIH, pwogram Head Start pou timoun yo.

Sis ajans -- Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS), Divizyon Dwa Moun (Division of Human Rights, DHR), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR), Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik (Office of the Prevention of Domestic Violence, OPDV), Depatman Sante (Department of Health, DOH), ak Biwo pou Granmoun Aje (Office for the Aging, NYSOFA) -- te mete ansanm semèn sa pou soumèt [kòmantè piblik](#) ki opoze ak chanjman règ ki pwopoze a. Nan kòmantè yo, ajans yo presize byen klè ke kèlkeswa sa ki rive nan nivo federal, New York p ap tolere diskriminasyon kont yon moun paske li se LGBTQ oswa pou nenpòt lòt kategori ki pwoteje dapre Lwa sou Dwa Moun Eta a. Nan mwa Novanm, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) tou ke, si gouvènman federal la adopte règ diskriminatwa sa a, Eta New York pral pran mezi legal pou sispann li.

"Se yon pwopozisyon san kè, revòltan kont kominote LGBTQ a bò kote yon gouvènman federal ki bay tèt li misyon pou tounen dèyè epi legalize diskriminasyon", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "New York kanpe byen djanm kont règ ki pwopoze sa a ki ensilte diyite Ameriken LGBTQ yo epi ki bay ajans fanmi dakèy ak adopsyon yo pèmision pou refize timoun yo fanmi ki emab."

Nan ane 2016, gouvènman federal la te adopte yon règleman ki entèdi antite yo ki resevwa finansman nan men Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health and Human Services, HHS) pou pa fè diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl. Sepandan, nan dat 19 Novanm 2019, HHS te

pibliye yon chanjman règ ki pwopoze k ap anile kondisyon kont diskriminasyon sa yo. Règ ki pwopoze sa a ap elimine tou kondisyon ke benefisyè oswa sou-benefisyè HHS yo rekonèt validite maryaj menm sèks. Règ pwopoze a pa koyeran ak lwa kont diskriminasyon Eta New York la, ki ka lakòz konfizyon sou dwa ak obligasyon benefisyè sibvansyon yo epi te ka gen yon efè twouban sou sila yo k ap chèche sèvis enpòtan. Pwogram ak sèvis Eta New York jere yo ki disponib pou piblik jeneral la epi ke se finansman piblik ki sipòte yo dwe toujou respekte tout lwa ak pwoteksyon kont diskriminasyon nan Eta New York ki aplikab.

Komisè Biwo Sèvis pou Timoun ak Fanmi an, Sheila J. Poole te deklare, "Règ ki pwopoze a pral pèmèt diskriminasyon kont timoun ak fanmi LGBTQ yo epi pa ankouraje sekirite, pèmanans ak byennèt timoun ak fanmi yo. Mwen fyè ke Eta New York opoze ak tout fòs li kont aksyon sa a. Nan Eta New York, nou akeyi tout fanmi ki vle e pare pou bay yon kay ki afektye ak ankourajan pou timoun fanmi dakèy oswa adopsyon".

Komisè Divizyon Dwa Moun Eta, Angela Fernandez, te deklare, "Règ ki pwopoze a se yon pa an aryè san lojik pou plizyè milyon Ameriken. Leve yon timoun se yon pati fondamantal nan eksperyans moun epi refize opòtinite sa pou Nouyòkè LGBT yo se pa yon bagay nou ka aksepte. Divizyon Dwa Moun Eta New York la pral kenbe kòm responsab nenpòt antite ki angaje nan diskriminasyon sou baz oryantasyon seksyèl ak idantite oswa ekspresyon seksyèl".

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè nan Divizyon Renouvèlman Kay ak Kominote, te deklare, "Règ ki pwopoze sa a vize dirèkteman lwa sou dwa sivil peyi nou an ke yo te lite anpil pou yo epi li sabote gwo angajman New York pou anpeche diskriminasyon. Li pa dwe adopte. Nou travay di pou garanti ke tout moun jwenn tretman ekitab ak egal, ki gen ladan kreye kay nan pri abòdab ki satisfè sante ak bezwen sosyal Nouyòkè yo. Anpil manm kominote LGBTQ a gen difikilte ak enstabilite lojman epi fè fas ak yon gwo risk sanzabri akòz plizyè ane diskriminasyon ak estigmatizasyon. Sa pèmèt founisè sèvis sosyal yo fè moun rete lwen jis paske sa yo ye a imoral, pa bon epi kontrè ak lwa New York".

Direktè Egzekitif Biwo pou Prevansyon Vyolans Domestik lan Kelli Owens te deklare, "Eta New York ak OPDV travay pou garanti tout viktim vyolans domestik yo resevwa sèvis yo bezwen pou kenbe yo san danje. Nou vrèman opoze ak Règ Pwopoze sa a ki ogmante posibilite pou viktim vyolans domestik yo sibi domaj diskriminasyon nan men founisè sèvis yo epi jwen refi resous ki te ka sove lavi yo".

Komisè Sante Dtè Howard Zucker te deklare, "Eskli fanmi LGBTQ yo nan opsyon fanmi dakèy oswa adopsyon se bon diskriminasyon, sou baz anyen men entolerans. Règ sa gen potansyèl tou pou febli pwogram sèvis sante piblik enpòtan nan tout eta a. Depatman Sante a mete ak ajans yo pou denonse pwopozisyon federal san kè sa ki ka sèlman mete fen nan potansyèl pou gen plis pratik diskriminatwa".

Greg Olsen, ki se Direktè Pwovizwa Biwo pou Granmoun Aje a, te deklare, "Règ pwopoze ki ka lakòz domaj sa p ap sèlman gen yon efè devastatè sou moun aje LGBTQ yo ki bezwen sipò ak sèvis, sa ap redui yon kantite volontè ki deja limite nan mete kwayans pèsonèl diskriminatwa kay moun anlè bezwen imedya granmoun ak timoun ki benefisyè anpil pwogram volontè ak asistans nan kominote yo a. Mwen felisite

Gouvènè Cuomo dèske l ap mennen gwo opozisyon a règ yo pwopoze sa a, epi pou angajman kontini li pou kreye kominote divèsifye, entegre, adapte ak laj kote tout Nouyòkè ka grandi ak vin pi aje".

Aksyon jodi a se dènye etap nan batay Gouvènè Cuomo kont seri atak gouvènman federal la sou kominote LGBTQ a. Mwa septanm pase a, Gouvènè te anonse jodi a opozisyon kont chanjman règ gouvènman federal la pwopoze ki ap agrandi anpil definisyon "egzanpsyon relijye yo" pou kontraktè federal yo epi fè li pi fasil pou antite sa yo fè diskriminasyon sou baz sèks, oryantasyon seksyèl, ak idantite oswa ekspresyon seksyèl. Nan mwa out, Gouvènè a te anonse opozisyon plizyè ajans kont pwopozisyon gouvènman federal la ki ka sabote pwoteksyon kont diskriminasyon yo pou trans-seksyèl ak moun ki pa konfòme ak yon sèks epi limite kalite asirans ki dwe respekte pwoteksyon kont diskriminasyon Lwa Swen Abòdab yo. Nan mwa jen an, Gouvènè a te siyen lejislasyon ki entèdi yo itilize defans "panik omoseksyèl ak trans-seksyèl" la nan pwosedi kriminel yo. Nan mwa Janvye a, Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Non-Diskriminasyon Akòz Ekspresyon Seksyèl la (Gender Expression Non-Discrimination Act), yon lwa enpòtan ki entèdi patwon yo, enstitisyon edikatif yo, pwopriyetè yo, kreditè yo, ak lòt moun fè diskriminasyon kont moun sou baz idantite oswa ekspresyon seksyèl.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)